

**АЛИЕВ ГӀапур**



***

Хала а, атта а цхьа къуьда латийна,

Цхьа кехат карийна, карийна къолам,

ДӀайижа кечъелла ойла а гӀаттийна,

Дехачу дийно мел гайтинарг кегийна,

Дерриге дуьне шен долалле далийна,

Цхьа миска миска ву наб яйна Iаш.

Ша воцург, массо а барамца нисвина,

Шен доцург, массеран карийна гIалат,

Массо а хаттаршна жоьпаш а кечдина,

Шен йоцург кхечеран харцо а иэшийна,

Шегахь ю моьттучу бакъоно Iехийна,

Цхьа йоккха харцо ю наб яйна Iаш.

ХӀаваэ хӀаваан тӀемаша айина,

Дицделла мел лайнарг, ширбелла бохам,

Са цӀандеш, син къахьо могӀане ерзийна,

Дерриге долуш дерг луъчуьнца хийцина,

Яхьийнчу ойлано бералле воссийна,

Цхьа воккха пекъар ву наб яйна Ӏаш.